# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## БӘСЕКИЛИК ҲАҚҚЫНДА

**(жаңа редакция)**

Бул редакция 28.12.2013-ж. 183/XIV-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

## I-БАП. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

### 1-статья. Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети товар ҳәм финанс базарларындағы бәсекилик тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат.

### 2-статья. Бәсекилик ҳаққындағы нызамшылық

Бәсекилик ҳаққындағы нызамшылық усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының бәсекилик ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнама қағыйдалары қолланылады.

### 3-статья. Нызамның қолланылыў саласы

Усы Нызам хожалық жүргизиўши субъектлер, физикалық шахслар, мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының Өзбекстан Республикасы аймағында ҳәм ямаса оның тысқарысында әмелге асырылатуғын, Өзбекстан Республикасындағы товар ҳәм финанс базарларында бәсекиликтиң шеклениўине алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған ҳәрекетлерине байланыслы қолланылады.

Усы Нызам интеллектуал мүлк объектлерине болған айрықша ҳуқықларға байланыслы қатнасықларға қолланылмайды, усы Нызамның 13-статьясында нәзерде тутылған ҳәрекетлер буған кирмейди.

Усы Нызамның қағыйдаларын тәбийий монополиялар субъектлерине байланыслы бул қағыйдалардың қолланылыўы усы субъектлердиң өзине тән ўазыйпалары орынланыўын шеклеп қоймайтуғын жағдайларда әмелге асырылады.

### 4-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**бир-бириниң орнын басатуғын товарлар** - өзиниң белгиленген ўазыйпасы, қолланылыўы, сапалық ҳәм техникалық өзгешеликлери, баҳасы ҳәм басқа да параметрлери бойынша салыстырылыўы мүмкин болған товарлар болып, оларды

алыўшы пайдаланыў ўақтында бир товарды басқасына ҳақыйқаттан да алмастырады яки алмастырыўға таяр болады;

**инсапсыз бәсекилик** – хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының экономикалық жумысын әмелге асырыўда жеңилликлерге ийе болыўға қаратылған, нызамшылыққа, ис айланысы қағыйдаларына қайшы болған ҳәм де басқа хожалық жүргизиўши субъектлерге (бәсекишилерге) зыян тийгизетуғын яки зыян тийгизиўи мүмкин болған яки олардың исшеңлик абройына зыяны тийетуғын яки зыяны тийиўи мүмкин болған ҳәрекетлери;

**экономикалық концентрация** – хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының үстинлигине алып келетуғын, товар яки финанс базарындағы бәсекиликтиң жағдайына тәсир көрсететуғын питимлер дүзиў ҳәм (яки) басқа да ҳәрекетлерди ислеў;

**экономикалық жумысты муўапықластырыў** – хожалық жүргизиўши субъектлер ҳәрекетлерин бундай хожалық жүргизиўши субъектлерден ҳеш биреўиниң топарына кирмейтуғын юридикалық ямаса физикалық шахс пенен келисип алыў;

**кемситиўши шәртлер (шараятлар)** – товар ямаса финанс базарына кириў, товарды ислеп шығарыў, пайдаланыў, алыў, сатыў, өзгеше тәризде басқа шахсқа өткериў шәртлери (шараятлары) болып, олар басқа тең шәртлерде (шараятларда) бир яки бир неше хожалық жүргизиўши субъектти өзге хожалық жүргизиўши субъект (бәсекиши) пенен салыстырғанда тең болмаған жағдайға салып қояды;

**келисилген ҳәрекетлер** – товар ямаса финанс базарында еки ямаса оннан да артық хожалық жүргизиўши субъекттиң базардың усы қатнасыўшыларынан ҳәр бириниң мәплерин қанаатландыратуғын ҳәм олардан ҳәр бирине алдыннан мәлим болған, бәсекиликти шеклеўге алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған ҳәрекетлери;

**финанс базары** – банклер ҳәм басқа да кредит, қамсызландырыў ҳәм басқа финанс шөлкемлери тәрепинен көрсетилетуғын экономикалық хызметтиң, сондай-ақ баҳалы қағазлар базары профессионал қатнасыўшылары хызметлериниң Өзбекстан Республикасы аймағындағы яки оның бир бөлегиндеги айланыс шеңбери болып, ол Өзбекстан Республикасының ҳәкимшилик-аймақлық бөлиниўине сәйкес келмеўи мүмкин ҳәм бул айланыс шеңбери шегараларында бундай хызметти көрсетиў имканияты бар болады;

**надурыс салыстырыў** – бәсекишилер яки басқа шахслар тәрепинен тарқатылатуғын, товар яки финанс базарында айырым хожалық жүргизиўши субъектке қолайлықлар жарататуғын яки хожалық жүргизиўши субъектти (бәсекишини) яки бәсекиши ислеп шығарған товарды жаманлаўшы жалған, анық емес яки бузып салыстырыў;

**бәсекилик** – хожалық жүргизиўши субъектлердиң (бәсекишилердиң) жарысыўы болып, бунда олардың жеке ҳәрекетлери олардан ҳәр бириниң товар

яки финанс базарындағы товар айланысының улыўма шараятларға бир тәреплеме тәсир көрсетиў имканиятын бермейди яки шеклейди;

**бәсекиликке қарсы ҳәрекетлер** – бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықта хожалық жүргизиўши субъектлер ушын қадаған етилген ҳәрекетлер, сондай-ақ мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахсларын бәсекиликти шеклеўге қаратылған ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги);

**товар** – ис-ҳәрекеттиң алыў ҳәм сатыў ушын нәзерде тутылған өними, соның ишинде жумыслар ҳәм хызметлер;

**товар базары** – товардың (соның менен бирге, бир-бириниң орнын басатуғын товардың) Өзбекстан Республикасы аймағындағы яки оның бир бөлегиндеги айланыс шеңбери болып, ол Өзбекстан Республикасының ҳәкимшилик-аймақлық бөлиниўине сәйкес келмеўи мүмкин ҳәм бул айланыс шеңбери шегараларында товарды алыў яки сатыў имканияты бар болады;

**хожалық жүргизиўши субъект** – товарларды ислеп шығарыў, алыў ҳәм сатыў менен шуғылланыўшы юридикалық шахс, соның ишинде шет еллик юридикалық шахс, хожалық басқарыўы уйымы, сондай-ақ жеке тәртиптеги исбилермен.

**5-статья. Шахслар топары**

Бирден-бир (улыўма) экономикалық мәпке ийе болған шахслар жыйындысы шахслар топары деп тән алынып, оларға қатнаслы төмендеги бир яки бир неше шәрт орынланады:

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахслардың бири тиккелей яки тиккелей емес, сондай-ақ өзге шахслардан алған ўәкилликлерине муўапық басқа юридикалық шахстың устав фондының (устав капиталының) елиў процентинен артығына ийелик етеди;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахста тек ғана бир физикалық шахс, сондай-ақ оның күйеўи (ҳаялы), ата-анасы (перзентликке алыўшылары), балалары (перзентликке алынған балалары), туўысқан ҳәм өгей аға-инилери ҳәм де апа-сиңлилери (буннан былай текстте жақын туўысқанлары деп жүргизиледи) усы юридикалық шахслардағы қатнасы себепли яки басқа шахслардан алған ўәкилликлерине муўапық усы юридикалық шахслардан ҳәр бириниң устав фондының (устав капиталының) елиў процентинен артығына ийе болады;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахста тек ғана бир юридикалық шахс усы юридикалық шахсларда өзиниң қатнасы себепли яки басқа шахслардан алған ўәкилликлерине муўапық усы юридикалық шахслардан ҳәр бириниң устав фондының (устав капиталының) елиў процентинен артығына ийе болады;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахстың атқарыў уйымы қурамына тек ғана бир физикалық шахслар ҳәм олардың жақын туўысқанлары киреди;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахстың коллегиал атқарыў уйымы ҳәм (яки) бақлаў кеңеси сан қурамының елиў проценттен артығын тек ғана бир физикалық шахслар ҳәм олардың жақын туўысқанлары қурайды;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахслардан бири нызамшылыққа яки усы юридикалық шахслардың шөлкемлестириў ҳүжжетлерине яки олар ортасында дүзилген шәртнамаларға тийкарланып усы юридикалық шахсларға орынланыўы мәжбүрий болған көрсетпелер бериўге ҳақылы болады;

еки ҳәм оннан артық юридикалық шахста тек ғана бир физикалық шахс яки тек ғана бир юридикалық шахс нызамшылыққа ҳәм усы юридикалық шахслардың шөлкемлестириў ҳүжжетлерине яки олар менен дүзилген шәртнамаларға тийкарланып оларға орынланыўы мәжбүрий болған көрсетпелер бериўге ҳақылы болады;

Усы Нызамда шахслар топары, товар яки финанс базарының жеке субъекти сыпатында қаралады.

**6-статья. Үстем жағдай**

Үстем жағдай - товар яки финанс базарында хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының, бәсекилесиўши хожалық жүргизиў субъектлеринен ғәрезсиз түрде, оған өз искерлигин әмелге асырыў ҳәм бәсекиликтиң жағдайына шешиўши тәсир көрсетиўши, тийисли базарға басқа хожалық жүргизиўши субъектлердиң кириўин қыйынластырыў яки олардың экономикалық жумыс еркинлигин басқаша тәризде шеклеў имканиятын беретуғын жағдайы.

Товар базарында қайсы хожалық жүргизиўши субъект яки шахслар топары товарларының үлеси:

1) елиў ҳәм оннан артық процентти қураса;

2) отыз бес проценттен елиў процентке шекемги көлемде болып, бунда төмендеги шәртлер:

хожалық жүргизиўши субъекттиң товар базарындағы үлеси кеминде бир жыл даўамында турақлы болып турыўы;

товар базарында басқа хожалық жүргизиўши субъектлерге (бәсекишилерге) тийисли үлеслериниң салыстырмалы муғдарда болып турыўы;

бул базарға жаңа хожалық жүргизиўши субъектлердиң (бәсекишилердиң) кириўине имканият болыў шәртлери белгиленген болса, усы хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының жағдайы үстем жағдай деп тән алынды.

Финанс базарында хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының үстем жағдайын тән алыў тәртиби ҳәм шәртлери Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**7-статья. Товардың монопол жоқары баҳасы**

Товардың товар базарында үстем жағдайды ийелеп турған хожалық жүргизиўши субъект тәрепинен белгиленетуғын баҳасы, егер бул баҳа:

бундай товарды ислеп шығарыў ҳәм реализация етиў ушын зәрүр болған шығынлар ҳәмде пайда суммасынан жоқары болса;

тийкарсыз шығынлардың орнын қаплаўға яки товардың сапасын пәсейтиў нәтийжесинде қосымша пайда алыўға бағдарланған болса, монопол жоқары баҳа есапланады.

Товардың баҳасы биржа саўдалары жуўмақларына қарай қәлиплескен жағдайда, ол монопол жоқары баҳа деп есапланбайды.

Товардың финанс базарындағы монопол жоқары баҳасы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленген тәртипте анықланады.

**8-статья. Товардың монопол төмен баҳасы**

Товар базарында сатыўшы яки сатып алыўшы сыпатында үстем жағдайды ийелеп турған хожалық жүргизиўши субъект тәрепинен товардың өзине түсер баҳасынан пәс дәрежеде ҳәм усы товарды сатыўдан зыян келтиретуғын дәрежеде белгиленетуғын, нәтийжеде бәсекиликтиң шеклениўине алып келетуғын баҳа товардың монопол төмен баҳасы болып есапланады.

Товардың финанс базарындағы монопол төмен баҳасы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленген тәртипте анықланады.

**9-статья. Товар ҳәм финанс базарларындағы бәсекилик тараўындағы ўәкилликли уйым**

Қарақалпақстан Республикасы Меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў комитети (буннан былай текстте монополияға қарсы уйым деп жүргизиледи) товар ҳәм финанс базарындағы бәсекилик тараўындағы жуўапкер уйым есапланады.

Монопологияға қарсы уйым товар ҳәм финанс базарларындағы бәсекилик тараўындағы, хожалық жүргизиўши субъектлердиң бәсекиликке қарсы ҳәрекетлерин, инсапсыз бәсекиликти шеклеў ҳәм олардың алдын алыўға ҳәмде мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының нызамсыз ҳәрекетлерине жол қоймаўға қаратылған мәмлекетлик сиясатты әмелге асырады.

## 2 БАП. БӘСЕКИЛИККЕ ҚАРСЫ ҲӘРЕКЕТЛЕР

### 10-статья. Үстем жағдайды өз мәпинде пайдаланыў

Хожалық жүргизиўши субъекттиң ақырғы нәтийжеде бәсеиликти шеклеўге яки басқа хожалық жүргизиўши субъектлердиң мәплерин кемситиўге алып келетуғын ҳәрекетлери, соның ишинде, төмендеги ҳәрекетлер:

айланыста болған товарлардың көлемин товар яки финанс базарында қытшылықты келтирип шығарыў яки сақлап турыў мақсетинде баҳалардың көтерилиўине алып келетуғын дәрежеде қысқартыў;

товардың монопол жоқары ҳәм монопол төмен баҳаларын белгилеўи;

шәртнама предметине тийисли болмаған шәртлерди, солардан, финанс қаржыларын, басқа мүлкти, мүлк ҳуқықларын басқа шахсқа өткериўге тийисли тийкарсыз талапларды, соның менен бирге бәсекишиликтиң шеклениўине алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған басқа ҳәрекетлерди пайда етиў талапларын мәжбүрий қабыл еттириўи;

шәртнамаға кемситиўши шәртлерди киргизиўи, хожалық жүргизиўши субъектлердиң басқа хожалық жүргизиўши субъектлер (бәсекишилер) тәрепинен ислеп шығарылатуғын товарлардың алыўын яки реализация қылыўын қадаған етилиўи ямаса шеклеўи;

контрагент тәрепинен басқа товарларды алыў яки реализация етиў ямаса контрагенттиң товарларды басқа хожалық жүргизиўши субъектлерден алыўдан яки басқа хожалық жүргизиўши субъектлерге реализация етиўден өзин тыйыўы шәрти менен ғана шәртнама дүзиўге келисим бериўи;

тийисли товарларды ислеп шығарыў яки реализация етиў имканияты бола турып, шәртнама дүзиўден тийкарсыз рәўиште бас тартыў;

товар яки финанс базарына басқа хожалық жүргизиўши субъектлердиң кириўине тосықлар қойыўы товар яки финанс базарында үстем жағдайды өз мәпинде пайдаланыў деп есапланады.

### 11-статья. Хожалық жүргизиўши субъектлердиң бәсекиликти шеклейтуғын келисилген ҳәрекетлери ҳәм питимлерин қадаған етиў

Товар яки финанс базарында өз-ара бәсекиликке түсип атырған хожалық жүргизиўши субъектлер, соның ишинде, потенциал бәсекишилер болған хожалық жүргизиўши субъектлер арасындағы келисилген ҳәрекетлер ҳәм питимлер, егер бундай келисилген ҳәрекетлер хәм питимлер:

жасалма түрде баҳалар, тарифлер, шегирмелер, үстемелер, қосымша төлемлерди яки үстеме баҳаларды сақлап турыўға;

баҳаларды жасалма түрде асырған яки түсирген жағдайда еркин базар баҳаларының орнаўына тосқынлық қылыўға;

өндирис, өнимди сатыў базарлары ҳәм капитал қойылмалар үстинен

қадағалаў орнатыўға;

усыныс көлемин жасалма түрде өзгертиў мақсетинде өндирис көлемлерин келисип алыўға;

шәртнама предметине байланыслы болмаған шәртлерди, соның ишинде, финанслық қаржыларды, басқа мүлкти, мүлкий ҳуқықларды өзге шахсқа өткизиўге байланыслы тийкарсыз талапларды, сондай-ақ, бәсекиликти шеклеўши басқа хәрекетлерди пайда етиў талапларын мәжбүрлеп қабыл еттириўге;

аукционларда, биржаларда хәм басқада саўдаларда баҳаларды асырыўға, түсириўге яки сақлап турыўға;

шәртнамаға кемситиўши шәртлерди киргизиўге;

тийисли базарды аймақлық принцип бойынша, реализация қылыў яки саўдалар көлеми бойынша, товарлардың түрлери бойынша ямаса товарларды сатыўшылар яки сатып алыўшылар, товар буйыртпашылары шеңбери бойынша бөлип алыўға;

басқа хожалық жүргизиўши субъектлердиң тийисли товарларын сатыўшылар яки сатып алыўшылар, товар бүйыртпашылары сыпатында базарға кириўин шеклеўге яки оларды базардан шетлеттириўге, ямаса хожалық жүргизиўши субъектлерди белгили товарлар базарына киргизбеўге алып келсе яки алып келиўи мүмкин болса, қадаған етиледи.

Бири товар базарында үстем жағдайды ийелеп турған, басқасы болса сатыўшы яки сатып алыўшы болған, өз-ара бәсекиликке түспей атырған хожалық жүргизиўши субъектлердиң келисилген ҳәрекетлери ҳәм питимлери, егер бундай келисилген ҳәрекетлер ҳәм питимлер нәтийжеде бәсекиликти шеклеп қойған болса, соның ишинде:

сатыўшының яки сатып алыўшының аймақты яки сатып алыўшылар шеңберин товарды кейин қайта сатыў мақсетинде еркин белгилеўди шеклейтуғын;

товарларды қайта сатыў ушын баҳаларға шеклеўлер белгилейтуғын;

хожалық жүргизиўши субъектлерге басқа хожалық жүргизиўши субъектлер тәрепинен ислеп шығарылатуғын товарларды реализация етиўди қадаған ететуғын келисилген ҳәрекетлери ҳәм питимлерине жол қойылмайды. Усы қадаған етилген товарларды товар белгиси, фирма аты яки сатыўшының интеллектуал мүлк объектлерине болған басқа барлық ҳуқықлары арқалы реализация етиўди сатып алыўшы тәрепинен шөлкемлестириў ҳаққындағы питимлерге қолланылмайды.

Юридикалық ҳәм физикалық шахслардың хожалық жүргизиўши субъектлер эконимикалық жумысын муўапықластырыўы, егер бундай муўапықластырыў усы статьяның биринши ҳәм екинши бөлимлеринде көрсетилген ақыбетлерге алып келсе яки алып келиўи мүмкин болса, қадаған етиледи.

Бәсекини шеклейтуғын келисилген ҳәрекетлер ҳәм питимлерди анықлаў

тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**12-статья. Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм юридикалық шахслар бирлеспелериниң бәсекишиликти шеклейтуғын актлерин ҳәмде ҳәрекетлерин қадаған етиў**

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының:

жумыстың қандай да бир тараўында жаңа хожалық жүргизиўши субъектлерди шөлкемлестириўге шеклеўлер енгизиўи, сондай-ақ жумыстың айырым түрлерин әмелге асырыўда яки белгили бир товарлар ислеп шығарыўды қадаған етиў, нызамшылықта белгиленген жағдайлар буннан тысқары;

шәртнамалар дүзиўде үстемлик бериў, сатып алыўшылардың белгили шеңберине товарларды биринши гезекте реализация етиў, финанслық қаржылар дереклерин таңлаў ҳәм олардан пайдаланыў бағдарларының абзаллығы ҳаққында хожалық жүргизиўши субъектке көрсетпелер бериўи, нызамшылықта белгиленген жағдайлар буннан тысқары;

айырым хожалық жүргизиўши субъектлерге оларды товар ямаса финанс базарында хызмет көрсетип атырған басқа хожалық жүргизиўши субъектлерге салыстырғанда абзал жағдайға қоятуғын жеңилликлер, преференциялар ҳәм жеңилликлерди тийкарсыз рәўиште бериўи;

хожалық жүргизиўши субъектлердиң устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) алыўы, нызамшылықта белгиленген жағдайлар буннан тысқары;

хожалық жүргизиўши субьекттиң экономикалық жумысына ақыбетинде бәсекилик шеклениўи мүмкин болған тәризде араласыўы;

өз ўазыйпаларын хожалық жүргизиўши субьектлердиң ўазыйпалары менен қосып атқарыўы;

айырым хожалық жүргизиўши субьектлердиң жумысы ушын басқа кемситиўши ямаса жеңилликли шәртлер (шараятлар) белгилеўи қадаған етиледи.

Айрықша жағдайларда, мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәбийий апатлардың ақыбетлерин сапластырыў ҳәм эпидемиялардың алдын алыў мақсетинде усы статьяның биринши бөлиминде белгиленген актлерди қабыл етиўи ҳәм ҳәрекетлерди әмелге асырыўы мүмкин.

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм юридикалық шахслар бирлеспелериниң товар ямаса финанс базарының нормал хызмет көрсетиўине, бәсекиликти раўажландырыўға тосқынлық етиўши ҳәм тутыныўшылардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин бузыўшы ҳәрекетлерине, атап айтқанда:

баҳаларды ямаса тарифлерди асырыўға, пәсейтиўге, сақлап турыўға;

тийисли базарды аймақлық принцип бойынша, реализация етиў ямаса

сатып алыў көлеми бойынша, товарлардың түрлери бойынша ямаса товарларды сатыўшылар яки сатып алыўшылар, товар буйыртпашылары шеңбери бойынша бөлип алыўға;

хожалық жүргизиўши субьектлердиң базарға кириўин шеклеўге ямаса оларды базардан шетлетиўге алып келетуғын келисилген ҳәрекетлери ҳәм питимлерине жол қойылмайды.

Юридикалық шахслар бирлеспелериниң хожалық жүргизиўши субьектлер экономикалық жумысына бәсекиликти шеклеп қоятуғын яки шеклеп қойыў мүмкин болған тәризде араласыўы қадаған етиледи.

**13-статья. Инсапсыз бәсекиликти қадаған етиў**

Инсапсыз бәсекилик, атап айтқанда:

басқа хожалық жүргизиўши субьектке зыян келтириўи ямаса оның исшеңлик абыройына тәсир етиўи мүмкин болған надурыс салыстырыўлар;

юридикалық шахстың интеллектуал жумысы нәтийжелеринен ҳәм оларға теңлестирилген индивидуалластырыў қуралларынан, товарды индивидуалластырыў қуралларынан нызамсыз рәўиште пайдаланған ҳалда товарды реализация етиў;

товардың өзгешелиги, ислеп шығарыў усылы ҳәм орны, тутыныўшылық қәсийети, баҳасы, сапасы, ислеп шығарыўшының (орынлаўшының) кепиллик миннетлери ҳаққында тутыныўшыларды алжастырыў, хожалық жүргизиўши субьект (бәсекиши) тәрепинен ислеп шығарылып атырған товарды оның сыртқы безетилиўин, атын, тамғаланыўын, товар белгисин ҳәм юридикалық шахсты индивидуалластырыўдың басқа қуралларын тәкирарлаў, реклама материалларынан товардың фирма ораўы ҳәм формасынан нусқа көшириў арқалы қәлбекилестириў;

илим-техникаға, өндириске ямаса саўдаға байланыслы хабарды, атап айтқанда, саўда сырын ийесиниң келисимисиз алыў, оннан пайдаланыў, оны жәрия етиў;

товар ямаса финанс базарына басқа хожалық жүргизиўши субъекттиң кириўине тосықынлық жасаў қадаған етиледи.

Юридикалық шахсты индивидуалластырыў қуралларына, товарды индивидуалластырыў қуралларына болған абсолют ҳуқықты алыўға байланыслы инсапсыз бәсекиликке жол қойылмайды.

Монополияға қарсы уйымның усы статьяның екинши бөлиминиң товар белгисине болған абсолют ҳуқықты алыў ҳаққындағы қағыйдалары бузылғанлығын атап көрсетиў ҳаққында шығарған шешими товар белгисине ҳуқықый қорғаў бериў ҳаққындағы гүўалықты ҳақыйқый емес деп табыў ушын мәпдар шахс тәрепинен интеллектуал мүлк бойынша ўәкилликли уйымға яки судқа жибериледи.

## 3-БАП. САЎДАЛАРДЫ ҲӘМ ЭКОНОМИКАЛЫҚ КОНЦЕНТРАЦИЯНЫ МОНОПОЛИЯҒА ҚАРСЫ ТӘРИЗДЕ ТӘРТИПКЕ САЛЫЎ.

### 14-статья. Таңлаў (тендер) саўдаларына байланыслы монополияға қарсы талаплар

Таңлаў (тендер) саўдаларын өткериўде бәсекиликти шеклеўге алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған ҳәрекетлер, соның ишинде төмендегилер қадаған етиледи:

саўдалар өткериўдиң нызамшылықта белгиленген тәртибин бузыў;

саўдалардың шөлкемлестириўшилери ҳәм (яки) буйыртпашылары тәрепинен саўдалар қатнасыўшыларының жумысын муўапықластырыў;

хожалық жүргизиўши субъектлерден саўдаларда қатнасыў ушын ҳүжжетлерди қабыл етиўден тийкарсыз рәўиште бас тартыў;

саўдалар қатнасыўшыларын тийкарсыз рәўиште шетлетиў;

саўдалардың бир яки бир неше қатнасыўшысына саўда да қатнасыў ушын айрықша шараятлар жаратып бериў, соның ишинде мәлимлемеден пайдаланыў арқалы айрықша шараятлар жаратып бериў, нызамшылықта нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары;

товардың анық ислеп шығарыўшысын көрсетиў, товарлардың сәйкес келмеўи, нызамшылықта нәзерде тутылған басқа жағдайлар буннан тысқары;

Усы статьяның биринши бөлиминде белгиленген монополияға қарсы талаплардың бузылыўы таңлаў (тендер) саўдаларының шешимлерин ҳәм усы саўдалардың нәтийжелери бойынша дүзилген шәртнамаларды ҳақыйқый емес деп табыў ушын тийкар болады.

### 15-статья. Биржа саўдаларына байланыслы монополияға қарсы талаплар

Биржа саўдаларын өткериўде бәсекиликти шеклеўге алып келетуғын ямаса алып келиўи мүмкин болған ҳәрекетлер, соннан:

биржа саўдаларын өткериўге тәсир ететуғын ҳәрекетлер, нызамшылықта нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары;

биржа саўдалары қатнасыўшыларының келисилген ҳәрекетлери нәтийжесинде күнделикли биржа баҳаларының кескин көтерилиўине яки қатаң белгилениўине алып келетуғын ҳәрекетлер;

биржа саўдаларында талаптың өзгериўине себеп болыўы мүмкин болған жалған мағлыўматларды тарқатыў менен байланыслы ҳәрекетлер қадаған етиледи.

Усы статьяның биринши бөлиминде белгиленген монополияға қарсы талаплардың бузылыўы биржа саўдалары нәтийжелери бойынша дүзилген келисимлерди ҳақыйқый емес деп табыў ушын тийкар болады.

**16–статья. Хожалық жүргизиўши субъектлерди шөлкемлестириў, қосып жибериў ҳәм қосып алыўға байланыслы монополияға қарсы талаплар.**

Монополияға қарсы уйым төмендегилерге алдыннан келисим береди:

хожалық жүргизиўши субъектлердиң бирлеспелерин шөлкемлестириўге;

хожалық жүргизиўши субъектлерди қосып жибериў ҳәм қосып алыўға.

Егер тийисли келисимде қатнасып атырған шахслар активлериниң жәми баланс муғдары ең кем ис ҳақының жүз мың есеси муғдарынан артық болса яки олардың қосып жиберилген яки қосып алынған жылдан алдыңғы ақырғы календарь жылда товарларды реализация етиўден алынған жәми пайдасы ең кем ис ҳақының жүз мың есеси муғдарынан артық болса яки олардан биреўи товар базарында үстем жағдайды ийелеп турған хожалық жүргизиўши субъект болса, хожалық жүргизиўши субъектлерди товар базарында қосып жибериў ҳәм қосып алыў ушын монополияға қарсы уйымның алдын – ала келисими алыныўы зәрүр.

Егер хожалық жүргизиўши субъектлер активлериниң жәми баланс баҳасы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленген муғдардан асып кетсе ямаса усы хожалық жүргизиўши субъектлерден бири үстем дәрежени ийелеп турған болса оларды финанс базарында қосып жибериў ямаса қосып алыў ушын монополияға қарсы уйымның алдын ала келисими болыўы зәрүр.

Усы статьяның талаплары хожалық жүргизиўши субъектлер бирлеспелериниң Өзбекстан Республикасы Президентиниң яки Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң карарына муўапық шөлкемлестирилиўи жағдайларына байланыслы қолланылмайды.

**17-статья. Акцияларды (үлеслерди) ҳәм басқа да мүлклик ҳуқықларды алыўда монополияға қарсы талаплар**

Устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) алыў бойынша питимлер, егер бул питимлерди дүзиў ўақтында тийисли питимде қатнасып атырған шахслар активлериниң жәми баланс баҳасы ямаса ақырғы календарь жылында товарларды реализация етиўден алған жәми түсими ең кем ис ҳақының жүз мың есеси муғдарынан артық болса ямаса питим қатнасыўшыларынан бири үстем дәрежени ийелеп турған хожалық жүргизиўши субъект болса монополияға қарсы уйымның төмендегилерге алдыннан келисими болған жағдайда дүзиледи:

шахс ҳәм шахслар топары тәрепинен акционерлик жәмийет акцияларын алыўда егер бундай шахс ямаса шахслар топары усы алыўға шекемги акционерлик жәмийеттиң акцияларына ийелик етпеген болса ямаса усы акционерлик жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың 35% тен аз кемине ийелик еткен болса бунда усы шахс ямаса шахслар топары

устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың 35 ямаса оннан да артық процентине ийелик етиў ҳуқықын алады;

жуўапкершилиги шекленген яки қосымша жуўапкершиликли жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) үлестиң көби менен 50%ине ийелик етиўши шахс ямаса шахслар топары тәрепинен усы жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) үлеслерин алыўына байланыслы бунда сол шахс ямаса шахслар топары усы үлеслердиң 50% нинен артығына ийелик етиў ҳуқықын алады;

шахс ямаса шахслар топары тәрепинен акционерлик жәмийеттиң акцияларына ийелик етиў егер бундай шахс ямаса шахслар топары усы ийелик етиўге шекем акционерлик жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың кеминде 35% ҳәм көби менен 50%ине ийелик еткен болса, бунда усы шахс ямаса шахслар топары устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың 50%инен артығына ийелик етиў ҳуқықын алады;

шахс ямаса шахслар топары тәрепинен жўапкершилиги шекленген яки қосымша жуўапкершиликли жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) үлести алыўда егер бундай шахс ямаса шахслар топары усы алыўға шекемги сол жәмийет устав фондындағы (устав капиталындағы) үлеслердиң кеминде 50%ин ҳәм көби менен үштен еки бөлегине ийелик еткен болса, сол шахс ямаса шахслар топары усы үлеслердиң үштен еки бөлегинен артығына ийелик етиў ҳуқықын алады;

шахс ямаса шахслар топары тәрепинен акционерлик жәмийеттиң акцияларын алыўда егер бундай шахс ямаса шахслар топары усы алыўға шекемги усы акционерлик жәмийеттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың кеминде 50% ҳәм көби менен 75%ине ийелик еткен болса, бунда усы шахс ямаса шахслар топары акциялардың 75% инен артығына ийелик етиў ҳуқықын алады.

Усы статьяның биринши бөлиминде нәзерде тутылған шәртлер физикалық шахс тәрепинен дүзилген питимлерге қатнаслы қолланылады, бунда физикалық шахс егер ол арза менен мүрәжат еткен жағдайда қандай да бир хожалық жүргизиўши субъекттиң устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялардың (үлеслердиң) кеминде 35 процентине ийелик еткен болса устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларға (үлеслерге) ийелик етиў ҳуқықын алады.

Усы статьяның талаплары төмендеги жағдайларда қолланылмайды:

хожалық жүргизиўши субъектти шөлкемлестириўде оның шөлкемлестириўшилерине финанс-санаат топарларын, холдинг компанияларын шөлкемлестириў жағдайлары буннан тысқары;

хожалық жүргизиўши субъект өз акцияларын алғанда;

акционерлик жәмийет өз устав фондының (устав капиталының) муғдарын сақлап қалған ҳалда басқа шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый формаға өзгертирилгенде;

устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялар (үлеслер) исенимли басқарыўға берилгенде, сондай-ақ акциялар (үлеслер) кейин-ала қайта сатыў мақсетинде инвестиция дәлдалшылары тәрепинен алынғанда;

устав фондындағы (устав капиталындағы) акциялар (үлеслер) хожалық жүргизиўши субъект тәрепинен Өзбекстан Республикасы Президенти яки Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети қарарына муўапық алынғанда.

Финанс шөлкемлери қатнасып атырған устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) алыў бойынша питимлер дүзиў үстинен қадағалаў, егер питимде қатнасып атырған финанс мәкемелери активлериниң жәми баланс баҳасы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгелинген муғдардан жоқары болса, әмелге асырылады.

Кредит ҳәм басқа финанс мәкемелериниң қатнасыўшылары болған устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) ҳәм басқа мүлкий ҳуқықларды алыўға байланыслы питимлерди қарап шығыў, бундай питимлерди дүзиў ушын алдыннан келисим алыў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**18-статья. Алдын-ала келисим алыў тәртиби**

Хожалық жүргизиўши субъектлердиң бирлеспелерин шөлкемлестириўге, хожалық жүргизиўши субъектлерди қосып жибериўге, қосып алыўға байланыслы ҳәрекетлерди әмелге асырыўда ҳәм устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) алыў бойынша питимлер дүзиўде шахслар ямаса шахслар топарлары бул ҳәрекетин әмелге асырылғанға (питимлер дүзилгенине) шекем монополияға қарсы уйымға:

ҳәрекетлерди әмелге асырыўға (питимлер дүзиўге) алдын ала келисим бериў ҳаққындағы арзаны;

юридикалық шахс ушын - барлық өзгертиўлер есапқа алынған ҳүжжетлерден көширме нусқаларын ямаса физикалық шахс ушын арза бериўшиниң паспортына тийисли мағлыўматларды (ҳүжжеттиң сериясы ҳәм саны, берилген сәнеси ҳәм орны, ҳүжжетти берген уйым);

арза бериўши арза берген күннен алдыңғы еки жыл даўамында ямаса егер жумыс еки жылдан кемлеў мүддетти қураса, жумыс әмелге асырылған мүддет даўамында алып барған жумыс түрлери, ислеп шығарған ҳәм реализация еткен товар түрлериниң атамалары, олардың көлеми ҳаққындағы мағлыўматларды;

өткен еки календарь жылына байланыслы финанслық ҳәм статистикалық есабатты;

шахслар топарының қурамы ҳаққындағы, бул шахслардың усы топарға кириў тийкарлары көрсетилген мағлыўматларды ҳәм устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерин) алыў бойынша қарап шығылып атырған питимлерге байланыслы басқа да мағлыўматты усынады.

монополияға қарсы уйым тийисли ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматлар алынған күннен баслап он календарь күннен кешиктирмей арза бериўшиге қабыл етилген шешим ҳаққында жазба түрде мәлим етеди. Акциялардың (үлеслердиң) бир бөлегин алыўға алдыннан келисим алыў ушын шахслар ямаса шахслар топары бир ўақыттың өзинде мүрәжат еткен жағдайда, монополияға қарсы уйымның шешими арза бериўшилерге бир күнде жеткериледи.

Зәрүр жағдайларда, егер монополияға қарсы уйымда, ҳәрекет (питим) бәсекиниң шеклениўине алып келеди ямаса алып келиўи мүмкин, соның ишинде, товар ямаса финанс базарында үстем жағдайдың жүзеге келиўи ямаса күшейиўи арқалы бәсекиниң шеклениўине алып келеди ямаса алып келиниўи мүмкин деп болжаў ушын тийкарлар пайда болса, арзаны көрип шығыў мүддети бир айдан көп болмаған мүддетке узайтылыўы мүмкин.

Монополияға қарсы уйым, егер:

питим дүзиўге алдыннан келисим бериў ҳаққындағы арзаны қанаатландырылыўы товар ямаса финанс базарында тийисли хожалық жүргизиўши субъектти яки шахслар топарының үстин дәрежениң жүзеге келиниўине, күшейиўине ҳәм бәсекиниң шеклениўине алып келиўи мүмкин болса;

усынылған ҳүжжетлерди қарап шығыўда оларда баян етилген мағлыўматтың исенимсизлиги ямаса жалған екенлиги анықланса арза бериўшиге алдын-ала келисим бериўден бас тартыўға ҳақылы.

Монополияға қарсы уйым ҳәрекетлерди әмелге асырыўға (питимлер дүзиўге) алдын-ала келисим бериўге ҳәм оны бәсекиликти тәмийинлеўге қаратылған талапларды орынлаўға байланыслы етип қойыўға ҳақылы. Бунда усы талаплар, сондай-ақ оларды орынлаў мүддетлери монополияға қарсы уйымның хожалық жүргизиўши субъектлер бирлеспелерин шөлкемлестириў, хожалық жүргизиўши субъектлерди қосып жибериў, қосып алыў ҳәмде устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) ҳәм басқа мүлклик ҳуқықларды алыў бойынша питимлер дүзиўге алдыннан келисим бериў ҳаққындағы шешиминде көрсетилиўи керек.

Бул ҳәрекетлердиң әмелге асырылыўы (питимлердиң дүзилиўи) товар яки финанс базарындағы тийисли хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының үстем жағдайдың жүзеге келиўине яки күшейиўине ҳәм (яки) бәсекиниң шеклениўине алып келиўи мүмкин болған жағдайда, бул ҳәрекетлерди әмелге асырыў (питимлер дүзиў) ҳаққында шешим қабыл еткен юридикалық ҳәм (яки) физикалық шахслар монополияға қарсы уйымның талабына бола

бәсекиликтиң зәрүр шәрт-шараятларын тиклеў илажларын көриўи шәрт.

Монополияға қарсы уйым товар яки финанс базарында ҳәтте хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының үстем жағдайы жүзеге келиўи яки күшейиўи ҳәм (яки) бәсекиликтиң шеклениўи, унамсыз ақыбетлер жүз бериўи мүмкин болған жағдайда да, егер хожалық жүргизиўши субъектлердиң бирлеспелерин шөлкемлестириў, хожалық жүргизиўши субъектлерди қосып жибериў, қосып алыў ҳәм устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды (үлеслерди) ҳәм де басқа мүлклик ҳуқықларды алыў бойынша питимлер дүзиў ҳаққында шешим қабыл еткен юридикалық ҳәм (яки) физикалық шахслар өз ҳәрекетлери (питимлери) тутыныўшыларға сезилерли дәрежеде пайда келтириўин дәлиллеп берсе, ҳәрекетлерди әмелге асырыў (питимлерди дүзиў) ушын алдын-ала келисим бериў ҳаққындағы арзаны қанаатландырыўға ҳақылы.

Монополияға қарсы уйымның алдыннан берилген келисимисиз әмелге асырылған товар яки финанс базарында хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының үстем жағдайы жүзеге келиўине яки күшейиўине ҳәм (яки) бәсекиниң шеклениўине алып келетуғын ҳәрекетлер (дүзилген питимлер) суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылыўы мүмкин.

**19-статья. Физикалық шахстың хожалық жүргизиўши субъектлердиң басқарыў уйымларындағы қатнасы**

Физикалық шахс товар яки финанс базарындағы активлерин жәми баланс баҳасы ақырғы есабат дәўириниң соңғы жағдайы бойынша ең кем ис ҳақының жүз мың есесинен артық болған яки ақырғы календарь жылында товарларды реализация етиўден алған жәми түсими ең кем ис ҳақының жүз мың есесинен артық болған яки хожалық жүргизиўши субъектлерден бири товар яки финанс базарында жоқары орынды ийелеп турған еки ҳәм оннан артық хожалық жүргизиўши субъекттиң атқарыўшы уйымларға яки бақлаў кеңеслеринде қатнасқан жағдайда, бул физикалық шахс орынлаўшы уйымларда яки бақлаў кеңеслерине тайынланғанынан яки сайланғанынан кейин он бес календарь күн ишинде монополияға қарсы уйымды бул ҳаққында хабардар етиў керек. Бунда хожалық жүргизиўши субъектлер усы мүддет даўамында монополияға қарсы уйымға усы жылдағы дәўирде ҳәм физикалық шахс олардың атқарыўшы уйымы яки бақлаў кеңеси қурамына тайынланған яки сайланған жылдан алдыңғы жылда ислеп шығарылған ҳәмде реализация етилген товарлардың түрлери ҳәм көлемлери ҳаққында хабар береди.

Егер монополияға қарсы уйым усы статьяның биринши бөлиминде нәзерде тутылған жағдайларда физикалық шахстың хожалық жүргизиўши субъектлердиң орынлаўшы уйымларындағы яки бақлаў кеңеслериндеги қатнасы бәсекини шеклеп атырғанын анықласа, бундай жағдайда монополияға қарсы

уйым бәсеки ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң бузылыўына жол қоймаў ҳаққында қарар қабыл қылады.

**20-статья. Хожалық жүргизиўши субъектлерди мәжбүрий тәризде бөлиў яки ажыратып шығарыў**

Товар яки финанс базарында үстем жағдайға ийе болған хожалық жүргизиўши субъектке қатнаслы бәсеки ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылыўын сапластырыў бойынша бурын қолланылған шаралар нәтийжесиз болған жағдайда, монополияға қарсы уйым хожалық жүргизиўши субъектти мәжбүрий тәризде бөлиў яки ажыратып шығарыў ҳаққындағы даўа менен судқа мүрәжат етеди, бөлиў яки ажыратып шығарыў хожалық жүргизиўши субъект негизинде еки яки бир өз алдына хожалық жүргизиўши субъектти шөлкемлестириў арқалы әмелге асырылады.

Хожалық жүргизиўши субъектти мәжбүрий тәризде бөлиў яки ажыратып шығарыў төмендеги шәртлердиң ҳәмеси жәм болғанда әмелге асырылыўы мүмкин:

бөлинип атырған яки ажыратып шығарылып атырған қурамлы бөлимшелердиң шөлкемлестириўшилик ҳәм аймақлық жақтан ажыралып шығыў имканияты бар болғанда;

оның қурамалы бөлимшелери арасында өз-ара технологиялық байланыс бар болмағанда;

бөлиў яки ажыратып шығарыў нәтийжесинде шөлкемлестирилген қурамлы бөлимшелердиң товар яки финанс базарында еркин хызмет көрсетиў имканияты бар болғанда.

## 4-БАП. МОНОПОЛИЯҒА ҚАРСЫ УЙЫМ

**21-статья. Монополияға қарсы уйымның ўәкилликлери**

Монополияға қарсы уйым:

товар ҳәм финанс базарларындағы бәсекилик тараўындағы норматив-ҳуқықый актлерди ислеп шығады ҳәмде тастыйықлайды;

хожалық жүргизиўши субъекттиң яки шахслар топарының товар яки финанс базарындағы үстем жағдайы бары-жоғын анықлайды;

товар яки финанс базарындағы үстем жағдайды ийелеп турған хожалық жүргизиўши субъектлердиң мәмлекетлик реестрин жүргизеди;

бәсекилик ҳаққындағы нызамшылыққа бойсынлыўы үстинен, соның менен бирге, таңлаў (тендер) ҳәм биржа саўдаларын өткизиўде нызамшылыққа бойсыныўы үстинен қадағалаўды әмелге асырады;

нызамшылықта белгиленген тәртипте бәсекилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң бузылыўын анықлайды, олар бойынша ис қозғатады ҳәм оларды

қарап шығады;

бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықты бузғанлық ҳаққындағы ис бойынша, соның менен бирге, хожалық жүргизиўши субъектлерден бәсекиликке қарсы ҳәрекетлер нәтийжесинде тийкарсыз алынған дәраматты (пайданы) алып қойыў ҳәм жәриима салыў ҳаққында нызамшылықта белгиленген тәртипте шешим қабыл етеди;

нызамшылықта белгиленген тәртипте хожалық жүргизиўши субъектлерге, мәмлекетлик басқарыў уйымларына, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына, сондай-ақ олардың лаўазымлы шахсларына бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықты бузыў жағдайларын сапластырыў бойынша орынланыўы мәжбүрий болған көрсетпелер береди;

бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықты бузғанлығы ушын хожалық жүргизиўши субъектлерди, мәмлекетлик басқарыў уйымларын, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларын, олардың лаўазымлы шахсларын ҳәм басқа физикалық шахсларын тийисли жуўапкершиликке тартады;

лицензиялаўды енгизиў яки бийкар етиў ҳаққында, бажыхана тарифлерин өзгертиў ҳаққында, квоталарды енгизиў яки бийкар етиў ҳаққында, сондай-ақ салық ҳәмде басқа да мәжбүрий төлемлерди төлеў бойынша жеңилликлер бериў, жеңиллетилген кредитлер бериў ҳәм мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўдың басқа түрлерин әмелге асырыў яки оларды бийкар етиў ҳаққында тийисли мәмлекетлик уйымларға усынıслар киргизеди;

бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықтың бузылыўы менен байланыслы жынаят белгилери бойынша жынаятлы исти қозғаў ҳаққындағы мәселени шешиў ушын ҳүжжетлерди тийисли уйымларға жибереди;

бәсекилик ҳаққындағы нызам актлериниң қолланылыўы ҳәм бузылыўы менен байланыслы ислердиң судта қарап шығылыўында қатнасады;

хожалық жүргизиўши субъектлер, мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен бәсекилик ҳаққындағы нызамщылыққа бойсыныўы бойынша нызамшылықта белгиленген тәртипте тексериўлер өткереди;

бәсекилик ҳаққындағы нызамшылықты бузған хожалық жүргизиўши субъектлер, мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының реестрин жүргизеди ҳәм жәриялайды;

бәсекилик ҳаққындағы нызам актлерин қоланылыў мәселелери бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде түсиниклер береди.

Монополияға қарсы уйым бәсекилик хаққындағы нызам хүжжетлери бузылғанлығы туўралы, соның ишинде:

мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик хәкимият уйымлары хәм юридикалық шахслар бирлеспелериниң бәсекилик хаққындағы нызам актлерине пүткиллей ямаса бир бөлегинде болмаған хүжжетлерин ҳәм

ҳәрекетлерин хақыйқый емес деп табыў хаққындағы;

бәсекилик хаққындағы нызамшылыққа муўапық болмаған питимлерди (шәртнамаларды) өзгертиў ямаса бийкарлаў ҳаққындағы;

бәсекилик хаққындағы нызамшылыққа муўапық болмаған питимлерди (шәртнамаларды) пүткиллей ямаса бир бөлегинде сәйкес болмаған деп табыў хаққындағы;

бәсекилик хаққындағы, нызамшылықты бузыў нәтийжесинде алынған дәраматты (пайданы) белгиленген тәртипте өндириў хаққындағы;

усы Нызамның 14 ҳәм 15-статьяларында нәзерде тутылған тийкарларға муўапық саўдаларда ҳәм усы саўдалар нәтийжесинде дүзилген питимлерди (шартнамаларды) ҳақыйқый емес деп табыў хаққындағы;

хожалық жүргизиўши субъектлерди мәжбүрий түрде бөлиў яки ажыратып шығарыў хаққындағы;

бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың бузылыўына жол қойған шахсларға тийисли хуқықый тәсир көрсетиў шараларын қолланыў ҳаққындағы арзалар менен судқа мүрәжат етеди.

Монополияға қарсы уйым бәсекилик хаққындағы нызамшылыққа муўапық басқа ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**22-статья. Мәлимлеме алыў хуқықы**

Монополияға қарсы уйымның лаўазымлы шахслары бәсекилик хаққындағы нызамшылыққа бойсынылыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў, бәсекилик хаққындағы нызам актлери бузылғанлығы ҳаққындағы арзалар хәм ислерди қарап шығыў сондай-ақ бәсекиниң жағдайын анықлаў ушын белгиленген тәртипте, хожалық жүргизиўши мәлимлемесине субъекттиң хүжжетлерин, мәлимлемесин алыў хәм оның аймағына кириў хуқықына ийе.

**23-статья. Монополияға қарсы уйымға мәлимлеме бериў**

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик хәкимият уйымлары, хожалық жүргизиўши субъектлер хәм олардың лаўазымлы шахслары монополияға қарсы уйымның талабына муўапық оған зәрүр хүжжетлерди ҳәм мағлыўматты белгиленген тәртипте бийпул усыныўы шәрт.

**24-статья. Коммерциялық сырды яки нызам тәрепинен қорғалатуғын басқа да сырды қурайтуғын мағлыўматлардың монополияға қарсы уйым тәрепинен жәрия етилиўин қадаған етиў**

Монополияға қарсы уйым, усы Нызамға муўапық өзине берилген ўәкилликлерди әмелге асырыўға байланыслы мәлим болып қалған коммерциялық сырды яки нызам менен қорғалатуғын басқа да сырды қурайтуғын мағлыўматларды жәриялаўға ҳақылы емес.

Монополияға қарсы уйымның хызметкерлери коммерциялық сырды яки Нызам менен қорғалатуғын басқа да сырды қурайтуғын мағлыўматлардың жәрия етилиўи нәтийжесинде келтирилген зыян ушын жуўапкер болады. Хожалық жүргизиўши субъектке келтирилген зыян нызамшылықта белгиленген тәртипте өтелиўи тийис.

## 5-БАП. БӘСЕКИЛИК ҲАҚҚЫНДАҒЫ НЫЗАМШЫЛЫҚТЫ БУЗЫЎ

### 25-статья Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузыў ақыбетлери

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик хәкимият уйымлары хәмде хожалық жүргизиўши субъектлер бәсекилик хаққындағы нызам хүжжетлерин бузған жағдайда:

монополияға қарсы уйымның бәсекилик хаққындағы нызам хүжжетлери бузылыўын сапластырыў хаққындағы көрсетпесин белгиленген мүддетте орынлаў;

келтирилген зыянды қаплаў шәрт.

### 26-статья Келтирилген зыянды өтеў

Мәмлекетлик басқарыў уйымы, жергиликли мәмлекетлик хәкимият уйымы тәрепинен бәсекилик хаққындағы нызам хүжжетлерин бузыўшы хүжжет қабылланыўы нәтийжесинде хожалық жүргизиўши субъектке ямаса басқа шахсқа келтирилген зыян нызамшылықта белгиленген тәртипте өтелиўи керек.

Егер мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик хәкимият уйымлары хәм олардың лаўазымлы шахсларының бәсекилик хаққындағы нызам хүжжетлерин бузыўшы хәрекети нәтийжесинде хожалық жүргизиўши субъектке яки басқа шахсқа зыян келтирилген болса, онда сол зыян нызамшылықта белгиленген тәртипте өтелиўи тийис.

### 27-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы ушын жәриймалар

Юридик шахслардың лаўазымлы шахслары, жеке тәртипдеги исбилерменлер хожалық жүритиўши субъектлердиң бәсекиликти шеклеўге алып келетуғын яки алып келиўи мүмкин болған келисилген ҳәрекетлери ҳәм питимлери ушын, сондай-ақ товар яки финанс базарындағы үстем жағдайдан пайдаланғанлығы, хожалық жүритиўши субъектлерди қосып жибериўде, қосып алыўда ҳәм устав фондындағы (устав капиталындағы) акцияларды, үлеслерди хәмде басқа мүлкий хуқықларды алыў бойынша питимлерди дүзиўде бәсекилик хаққындағы нызам актлерин бузғанлығы, бәсекилик хаққындағы нызам актлерин бузыў жағдайларын сапластырыў хаққындағы, дәслепки жағдайды тиклеў хаққындағы көрсетпелерди орынлаўдан мойын таўлағанлығы яки өз ўақтында орынламағанлығы, монополияға қарсы уйымға мағлыўматты бермегенлиги яки өз ўақтында бермегенлиги, натуўры яки жалған мағлыўматлар бергени, таңлаў (тендер) яки

биржа саўдаларына байланыслы монополияға қарсы талапларды бузғанлығы ушын ушын ҳәкимшилик жуўапкершилигине тартылады.

Ҳәкимшилик жаза шарасы қолланылғанлығы хожалық жүритиўши субъектти монополияға қарсы уйымның қарарын (көрсетпесин) орынлаў яки бәсекилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа ҳәрекетлерди әмелге асырыў ўазыйпасынан азат етпейди.

Бәсекиликти шеклеўши ҳәм бәсекилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине муўапық жол қойып болмайтуғын питимлер дүзгенлиги ушын ҳәмде келисип алынған ҳәрекетлерди ислегенлиги туўралы монополияға қарсы уйымға биринши болып ықтыярый түрде мәлим еткен шахс ҳәкимшилик жуўапкершиликтен азат етиледи.

## 6-БАП. БӘСЕКИЛИК ҲАҚҚЫНДАҒЫ НЫЗАМШЫЛЫҚТЫ БУЗЫҒАНЛЫҒЫ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ИСЛЕРДИ ҚОЗҒАТЫЎ ҲӘМ ҚАРАП ШЫҒЫЎ. МОНОПОЛИЯҒА ҚАРСЫ УЙЫМНЫҢ ШЕШИМИ ҲӘМ КӨРСЕТПЕСИН ОРЫНЛАЎ ҲӘМДЕ БУНДАЙ ШЕШИМ ҲӘМ КӨРСЕТПЕ ҮСТИНЕН ШАҒЫМ ЕТИЎ

### 28-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди қозғатыў ҳәм қарап шығыў

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди қозғатыў ҳәм қарап шығыў монополияға қарсы уйым тәрепинен әмелге асырылады.

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди қозғатыў ҳәм қарап шығыў ушын монополияға қарсы уйымның өз тексериўлери, үйрениўлери, юридикалық яки физикалық шахслардың, мәмлекетлик басқарыў уйымларының, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының арзалары ҳәмде тийисли уйымлардың усыныслары тийкар болады.

Мәмлекетлик басқарыў уйымларының, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының ҳәм хожалық жүргизиўши субъектлердиң лаўазымлы шахслары тәрепинен бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди монополияға қарсы уйым Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине муўапық қарап шығады.

### 29-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исте қатнасатуғын шахслар

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исте қатнасатуғын шахслар төмендегилер:

өзине қатнаслы бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ис жүргизилип атырған шахс;

юридикалық ҳәм (яки) физикалық шахслардың ўәкили;

гуўалар, экспертлер, қәнигелер, дилмашлар ҳәм басқада мәпдар шахслар.

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исте қатнасқан шахслар ис қозғатыў ҳаққында уйғарыў шығарылған күннен баслап ис ҳүжжетлери менен танысыўға, мәмлекетлик сырды, нызам менен қорғалатуғын басқада сырларды қурайтуғын мағлыўматлардан тысқары, олардан көширмелер алыўға, аўызеки ҳәм жазба түсиниклер бериўге, дәлиллер келтириўге, оларды тексериўде қатнасыўға, исте қатнасып атырған басқа шахсларға сораўлар бериўге, илтимаснамалар киритиўге ҳәм басқа шахслардың илтимаснамалары ҳәм ўәжлерине қарсы накелисим билдириўге ҳақылы.

**30-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди қозғатыў ҳәм қарап шығыў тәртиби**

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ис қозғатылған күннен баслап бир ай мүддетте қарап шығылады. Айрым жағдайларда, истиң қыйынлығына қарап, бул мүддет бир айға созылыўы мүмкин.

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исти көрип шығыў кейинге қалдырылыўы, тоқтатып турылыўы мүмкин. Исти қарап шығыўды кейинге қалдырыў, тоқтатып турыў ҳәм тиклеў ҳаққында монополияға қарсы уйым тийисли уйғарыў шығарады, сол уйғарыўдың көширме нусқасы исте қатнасыўшы шахсларға жибериледи.

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ислерди қозғатыў ҳәм қарап шығыў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**31-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ис бойынша моноплияға қарсы уйымның шешими.**

Монополияға қарсы уйым бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исти, әҳмийетинен келип шыққан халда қарап шығыў нәтийжелери бойынша:

бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың бузылғанлығы факти анықланыўы ҳәм тийисли хуқықый тәсир шараларының көрилиўи хаққында;

ис жүргизиўди тоқтатыў ҳаққында шешим қабыл етеди.

Монополияға қарсы уйым:

бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың бузылғанлығы фактлери тастыйықланбаған жағдайда;

өзине қатнаслы ис жүргизилип атырған юридикалық шахсты (сапластырылған) яки физикалық шахс қайтыс болған жағдайда;

монополияға қарсы уйым қарап шығып атырған бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы ис бойынша суд тәрепинен шешим

қабыл етилгенде, монополияға қарсы уйым қарап шығып атырған бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исти тоқтатады.

Монополияға қарсы уйымның бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың бузылғанлығы хаққындағы иске байланыслы шешими дәрхал жәрияланыўы тийис.

Монополияға қарсы уйымның бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың бузылғанлығы хаққындағы иске байланыслы шешимине тийкарланып, өзине қатнаслы шешим қабыл етилген шахсқа көрсетпе бериледи.

**32-статья. Монополияға қарсы уйымның көрсетпесин орынлаў**

Монополияға қарсы уйымның көрсетпеси онда белгиленген мүддетте орынланыўы шәрт. Көрсетпени өз мүддетинде орынламаў усы Нызам ҳәм басқа нызам актлеринде нәзерде тутылған жуўапкершиликке себеп болады.

Монополияға қарсы уйымның көрсетпесин онда белгиленген мүддетте орынламаў дегенде көрсетпени орынлаўдан бас тартыў яки бир бөлегинде орынлаў ямаса өз ўақтында орынламаў түсиниледи.

Монополияға қарсы уйым тәрепинен көрсетпе берилген шахслар көрсетпени орынлаў мүддетин узайтыў хаққында илтимаснама (ходатайство) бериўи мүмкин. Илтимаснамада көрсетилген жағдай кеширимли деп табылғанда монополияға қарсы уйым көрсетпени орынлаў мүддетин узайтыўға ҳақылы.

Монополияға қарсы уйым өз көрсетпелериниң орынланыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

**33-статья. Монополияға қарсы уйымның шешими (көрсетпеси) үстинен шағым етиў**

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы хаққындағы исте қатнасыўшы шахслар монополияға қарсы уйымның шешиминен (көрсетпесинен) наразы болған жағдайда, шешимди толығы менен яки бир бөлегинде ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққындағы арза менен судқа ямаса шешимди (көрсетпени) бийкарлаў яки өзгертиў ҳаққындағы арза менен жоқары турыўшы монополияға қарсы уйымға мүрәжат етиўге ҳақылы.

Арза берилгенлиги монополияға қарсы уйымның шешими орынланыўын арза қарап шығылатуғын ўақыт даўамында тоқтатып турады.

**34-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың орынланыўын жәмийетлик қадағалаў**

Өз уставларына муўапық бәсекиликти раўажландырыўға көмеклесиў ҳәм тутыныўшылырдың мәплерин бәсекиге қарсы ҳәрекетлерден қорғаў мақсетине ийе болған жәмийетлик бирлеспелер бәсекилик хаққындағы нызамшылықтың

орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўға ҳақылы.

**35-статья. Тартысларды шешиў**

Товар ҳәм финанс базарларындағы бәсекилик саласындағы тартыслар нызамшылықта белгиленген тәртипте шешиледи.

**36-статья. Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлығы ушын жуўапкершилик**

Бәсекилик хаққындағы нызамшылықты бузғанлықта айыплы шахслар белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартылады.